ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№191 (23.599) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 5, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Егъэджакіуэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэм пщІэ зыхуащІ и лэжьакІуэхэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу Егъэджакіуэм и махуэмкІэ!

А махуэшхуэр ди къэралым щагъэлъапІэ егъэджакІуэм и къызэгъэпэщыныгъэ, псэемыблэж лэжьыгъэм пщІэ ІыгъэхуащІу. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я гъащІэр пщэдей зыубзыхуну щІэныгъэ зыбгъэдэлъ, псэкІэ зызыужьа щІалэгъуалэ фэ фогъасэ. Фи унафэ тэмэмым щІэтущ нобэрей щІалэ, хъыджэбз цІыкІухэм зэрызэрагъэсэфынур щІэныгъэщІэмрэ иджырей технологиехэмрэ Іэзэу къагъэсэбэныфу. Фи лэжьыгъэ хьэпэлым, жыджэрагъым, псэкІэ фызэрыкъуелйм, фи кьалэным фызэрыхуэпэжым папщІэ фІыщІэ фхузощІ.

Егъэджакіуэ ІэщІагъэм и лъабжьэщ творческэ къежьапІэр. Фи Іэзагъым, Іуэхум гудзакъэ иІэу фы-зэрыбгъэдэтым, зэхащІыкІ куу фызэриІэм елъытащ къытщІэхъуэ щІэблэм и дуней еплъыкІэр, гъащІэм и мыкІуэдыж лъапІагъэхэр зэрызэхалъхьэнур. Нобэ егъэджакІуэр и Іэщ1агъэм хуэІэижь, зэрыграгъаджэ иджырей Іэмалхэмрэ методикэхэмрэ щыгрыаз къудейкІэ зэфІэкІыркъым, атІэ жылагъуэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэ кууэкр зэхэзыщІэу щытыпхъэщ.

Узыншагъэ, лэжьыгъэм екъулІэныгъэ, насып, зэІуэзэпщІыныгъэ фиІэну сынывохъуэхъу. Фи еджакІуэхэм я тезыІэныгъэхэмрэ зэфІэкІхэмкІэ фрагъэгуфІэ.

ЦІэ лъапІэ къыхуагъэфащэ

Метеорологием щиІэ фІыщІэхэм папщІэ икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкІыу «Бгы лъагэ геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм гидрометеорологие Іуэхугъуэхэм зэрелэжь Іэмалхэмкіэ лабораторэм и унафэщІ **Байсиев Хьэсэн и къуэм** 2017 гъэм фокІадэм и 10-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №416-м ипкъ иткІэ къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и метеоролог» цІэ лъапІэр.

КІуэкІуэ Юрий Инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым Васильев Владимир щехъуэхъуащ Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну зэрагъэувамкІэ

«Урысейм и Президент Путин Владимир и Указкіэ Васильев Владимир Абдуалий и къуэр Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну ягъэуващ. А къулыкъым абы щыхъуэжащ иужьрей илъэсхэм а щІыналъэм и унафэщІу щыта, абы и зыужьныгъэм куэд хэзыщІыхьа Абдулатипов Рэмэзан Гаджимурад и къуэр. Щэч хъытесхьэркъым абы и Іэзагъымрэ щІэныгъэмрэ адэкІи къызэрысэбэпынум.

ВАСИЛЬЕВ Владимир и лэжьыгъэ, политикэ екІуэкІыкІар и щапхъэщ къэралым хьэлэлу къулыкъу хэзыщІэным. Ар си щхьэкІэ фІыуэ соцІыху. Ар къахощхьэхуКІ хабзэмрэ лъэпкъ зэхущытыкІэхэмрэ фІыуэ зэрыхищІыкІымкІэ, щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ зэрыбгъэдэлъымкІэ, цІыхугъэ зэрыхэлъымкІэ, Іуэхум зэрыхуэпэжымкІэ. Урысей Федерацэм къэрал кІуэці Іуэхуэхмкіэ и органхэм зэгъусэу дыщІэзэдзэлажьэм Владимир Абдуалий и къуэм зэкъым къызэрыгуэкІыу щымыт унафэхэр къыщищтар икІи жэуаплиныгъэр и пщэ зэрыдилъхьэжар. Апхуэдэу Іэзэу щІэзэфІигъэуват абы и лэжьыгъэр Къэрал Думэми, Васильев Владимир и унафэщІу щытащ нэхъ ин дыдэ икІи мыхьэнэшхуэ зиІэ «Урысей зэкъуэт» фракцэм.

ЕкъулІэныгъэ, зэІуэзэпщІыныгъэ уиІэну, Дагъыстэным и лъэпкъхэмрэ ди Хэкумрэ я фІыгъэ зыхэлъ мурадхэр къохъулІэну», - итщ щІыналъэм и унафэщІым и хъуэхум.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Мэз Каринэ кърагъэблэгъэж

Налшык Абхъазым и утым дыгъуасэ къыщрагъэблэгъэжащ альпинист щІэрыІуэ Мэз Каринэ. ФокІадэм и 28-м ар дэкІащ Гималайхэм щыІэ метр мини 8-м щІигъу бгыхэм ящыщ Манаслу.

ДИ ЛЪАХЭГЪУМ и зэфІэкІ лъагэмкІэ екъуэхъуну зэхуэсым кърихьэлІащ КъБР-м спортымкІэ и министр **Хъущт Аслъэнбэч**, КъБР-м и Парламентым и депутат **Іэпщэ Заур**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд**, Каринэ и ныбжьэгъуэмрэ Іыхьлыхэмрэ.

- Сынохъуэхъу, уи екъулІэныгъэхэм зэрыхэбгъэхуамкІэ. ИкъукІэ ди гуапэщ ди республикэм щыщ цІыху дуней псом нэхъ гугъуу къалъытэ бгы лъагэм зэрыдэкІар, - зыхуигъэзащ Іэпщэ Заур кърагъэблэгъэжа адыгэ бзылъхугъэм.

«7 Вершин» клубым и экспедицэм хэту метр 8156-рэ зи лъагагъ Маналсу бгым дэкІа Мэз Каринэ екъуэхъуащ ХьэфыцІэ Мухьэмэд икІи Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ къабгъэдэкІыу тыгъэ хуищІащ том 20 хъу Мэшбащіэ Исхьэкъ и тхылъхэр.

- Хуабжьу дрогушхуэ ди лъэпкъэгъу пщащэм иджы етІуанэу ди республикэм и цІэр дуней псом зэрыщигъэІуам, - зыхуигъэзащ къызэхуэсахэм Хъущт Аслъэнбэч. - Илъэс зыбжанэ ипэкІэ Мэз Каринэ дэкІащ дуней псом щынэхъ лъагэ дыдэ Эверест. Ди гуапэщ и екъулІэныгъэхэм адэкІи хигъахъуэну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, къытщІэхъуэ щІэблэр гъэсэныгъэ егъэджэныгъэ хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІам папщІэ

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Іэюб ФатІимэт Іабубэчыр и пхъум - «Бахъсэн къалэм и прогимназие №2» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и директорым

Къарэмызэ Хьэсэн Музариф и къуэм - Шэджэм муниципальнэ районым щыІэ «Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм и курыт еджапІэ №3» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и директорым

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ»

Арабаджи Светланэ Роман и пхъум - Прохладнэ муниципальнэ районым щыІэ «Пролетарскэ къуажэм Восканов С. П. и цІэр зезыхьэ и курыт еджапІэ» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэм

Юсуповэ Зухра Хьэжы-Уэсман и пхъум - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым хыхьэ Бахъсэн Ипщэ къуажэм дэт «Курыт еджапІэ» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м
№131-УГ

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр яІущІащ зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІахэм

Дыгъуасэ Правительствэм и Унэм КІуэкІуэ Юрий щаІущІащ зи щхьэ Іуэхукіэ зыкъыхуэзыгъэзахэм.

ДЭІЭПЫКЪУНЫГЪЭ хуэныкъуэу республикэм и унафэщІым зыхуагъэзащ Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм, Тэрч районым щыщхэм. Зыхэплъа Іуэхугъуэхэр екъэлІат хъыджэбз сымаджэ хьэлъэр къэралым и медицинэ центрхэм ящыщ зым икІэщІыпІэкІэ гъэкІуэным, сабий куэд зыпІ унагъуэшхуэхэм защІэгъэкъуэным, жьы хъуа унэр зэгъэпэщыжыным.

Абыхэм ящыщ зыбжанэ занщІэу зэфІагъэкІащ, нэхъ куууэ зыхэплъэжьын хуейхэр зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ пщэрылъ щащІащ.

Мы гъэм зэрыщІидзэрэ республикэм и Іэтащхьэм зыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхуи 184-м.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 5, *махуэку*

♦Егъэджакіуэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м и уголовнэ розыскым и лэжьакІуэм и махуэщ

♦Адыгэ Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Таджикистаным и къэралыбзэм и махуэщ

♦1914 гъэм япэу уэгум щыІэзэуащ. Абы щызэрихьэлІат франджыхэмрэ нэмыцхэмрэ я кхъухьлъатэ зырыз.

♦1917 гъэм Владикавказ Налшык округхэм я ІыкІуэу Советхэм я II урысейпсо съездым ягъэкІуат Киров Сергей.

♦1929 гъэм СССР-м щыяпэу Ленинград къыщызэІуахат макъэр щІэту фильмхэр щыбгъэлъагъэ хъуну кинотеатр.

♦1991 гъэм СССР-м Дунейпсо валютэ фондым дэлэжьэным теухуауэ япэ зэгурыІуэныгъэр ирищыІІащ.

♦Урысей актрисэ, СССР-м и ЦІыхубз артисткэ, Урысейм и Къэрал саугьэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща **Чуриковэ Иннэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Актёр цІэрыІуэ, кинорежиссёр, Урысей Федерацэм, Приднестровье Молдавие Республикэм я цІыхубэ артист **Михайлов Александр** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Таджикистан Республикэм и президент (1992 гъэм къыщыщІэдзауэ) **Рахмон Эмомали** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм къыщалъхуа совет спортсмен цІэрыІуэ, спортым щыхъ зиІэ и мастер, 1976 гъэм Монреаль (Канадэ) щекІуэкІа Олимп джэгуэм дзюдомкІэ чемпион щыхъуа **Невзоров Владимир** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Генерал-лейтенант, УФ-м и ВВС-м и командующэм и къуэдзэу щыта, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, Урысей Федерацэм дзэ хуэІуэхущІэхэмкІэ щыхъ зиІэ и ІэщІагъэлІ **Быж Айтэч** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугьэтыр и лауреат, ДАХ-м и тхьэмадэу 2006 - 2009 гъэхэм лэжьа, республикэм гуманитар къхэутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ **Дзэмыхь Къасболэт** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Совет волейболисткэ, 1980 гъэм Москва щекІуэкІа Олимпиадэм чемпионкэ щыхъуа **Ахъмын Еленэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъШР-м щыхъ зиІэ и журналист, «Ногай давысы» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Атуовэ Алтынай** къыщалъхуа махуэщ.

♦ШэшэнРеспубликэм и Іэтащхьэ (2007 гъэ лъандэрэ), Урысейм и ЛІыхъужь **Кадыров Рамзан** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 13 - 15, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 6, *мэрем*

♦Ущыпсэну къезэгъ щыпІэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Архитектурэм и дунейпсо махуэщ

♦Ашхабад къалэм (Тыркуменэ) 1948 гъэм щІыр щыщыхъеям хэкІуэдахэр ягу къыщагъэкІыж махуэщ. А гуэзэгъуэм хэкІуэдауэ щытащ щІыху мини 176-рэ.

♦Белоруссием и архив Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ

♦Мысырым Іэщэкіэ зэщІэузэда и къарухэм я махуэщ

♦1768 гъэм Тыркум Урысейм зауэ хэрищІыпІащ.

♦1889 гъэм США-м щыщ къэхутакІуэ, хъэрычэтыщІэ Эдисон Томас триха япэ фильмыр игъэлъагъащ.

♦1922 гъэм РКП(б)-м и ЦК-м и пленумым унафэ къищтащ совет республикэхэр зэрызэгуагъэхьэну щІыкІэм теухуауэ.

♦1975 гъэм Киев и «Динамо» клубым и футболистхэм Европэм и Кубок нэхъыщхьэр кхахьащ.

♦1977 гъэм ди къэралым щащІа «Миг-29» зэребгъэрыкІуэ къхъулъатэ псынщІэр япэу уэгум ихьащ.

♦1986 гъэм шахматхэмкІэ дунейм щыпсэхъ лъащ дыдэу зэрыщытыр аргуэру наІуэ ищІащ **Каспаров Гарри** - ар Карпов Анатолий текІуащ.

♦2010 гъэм Instagram сервисым лэжьэн щІидзащ.

♦Сириием и президенту щыта **Асад Хафез** къызэрыхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Хоккеист цІэрыІуэу щыта, УФ-м щыхъ зиІэ и тренер, Олимп джэгуэм тІэунейрэ я чемпион **Михайлов Борис** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Кубаным и къэрал лэжьакІуэ, политик, социологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Харитонов Евгений** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **КІадэ Аэзмэт** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, спорт комментатор, ТЭФИ саугьэтыр зрата **Губерниев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 16 - 18, жэщым градуси 6 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Къэпкъ Іущыгъэ:

Уэшх блэкІам щІакІуэ кІэлъумыщтэж.

Правительствэм и Унэм щызэхэтащ Хабзэр къыщызэпауд къэмыгъэхъунымкІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм и зэІущІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и премьер-министр Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ Правительствэм и Унэм щызэхэта Хабзэр къыщызэпауд къэмыгъэхъунымкІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм и зэІущІэр.

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬАР - «КъБР-м и транспорт системэм зегъэужьын» къэрал программэм и «Шынагъуэншэ республикэ» программэ гуэдзэр гъэзэщІа зэрыхъурщ.

Ижьырей илъэсхэм, къыщыхагъэщащ зэІуэцІэм, Іуэхум и щытыкІэр зэхэщІуэ центрым и зэфІэкІхэм хохъуэ, абы хэтщ къыщагъэпъагъуэ блын, хуагъэува кьалэнхэм ельытауэ къэхъуэкащІэкэр щызэпкърахыу. Транспорт зекІуэнІэхэм щыкІэлъыплъ камерэхэр дэнэкІи щагъэувыным пащэ. Мы зэманым яух автоматизированнэ программэ комплексым и щІыпІэ щхьэхуэхэр зэхэгъэувэнымкІэ Іуэхугъуэхэр. Псоми я зэхуэдэ «112» номерыр Іуащхьэмахуэ, Бахъсэн щІыналъэхэм, Налшык къалэм къыззэрыщраджэр къапщытэныр иГъэунэхун папщІэ зыхуеину Іэмэпсымэхэр мы гъэм и кІэ пщІондэ иГъэувыну я мурадщ.

Транспортымрэ связькІэ КъБР-м и Къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен** и докладым къыщыхигъащащ ГЛОНАСС технологиер къызэрагъэсэбэпым и сэбэныгъэр зэрыщылпІагъур нэхъ щынэгъэнщэу гъэзгум щызекІуэ зэрыхъуам, цІыхухэр зэрыщыгъэнщэкІым, школ автобусхэмрэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и автотранспортымрэ зэрыкІэлъыплъым.

ЗэІущІэм къыщынэмыщІауэ, лъэныкъуэ куэдкІэ щыхэплъащ наркомание щымыгъэІэным, щІалэгъуалэм хабзэм къемызэгъ ящІэнкр къэмыгъэхъунымкІэ псоми я зэхуэдэ махуэ къэрал щІыналъэм щегъэкІуэкІыным ехьэлІауэ лэжьыпхъэхэм.

Къыхалъхьа Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ къэпсэльащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр **Емуз Нинэ**, КъБР-м щыІэ МВД-м наркотикхэр зегъэкІуэным кІэлъыплъымкІэ и управленэм и унафэщІ **Шаповаленко Константин**, Аруан, Май район Администрацэхэм я Іэтащхьэху **Куэшей Аэзмэт**, **Евтушенко Сергей** сымэ.

ТЕНДЖЫІЭ Ринэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тевдзэ

Пщ1э зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

ФокІадэм и 1-м щІидзауэ КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ксыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэнщ.

Фэ нэхъ фигу ирихьу фызэджэ къыдэкІыгъуэхэм Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэхэм, почтамтхэм. Абыхэм Іэ зыщІэвдза газетхэр, журналхэр и чэзум унэхэм ныфхуахьынущ е, апхуэдэ Іуэхутхъэбзэр нэхъ кьафщтэмэ, пощтхэм кьыщыватыжынущ.

Іэ тедзэным теухуауэ фызызыщІэупщІэн щыІэмэ, пощтхэм я лэжьакІуэхэм жэуап кьыватынущ.

Іэ тедзэным пІалъэ кьыхэвмыгъэкІ.

КъБР-м и УФПС - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал унитарнэ Іуэхущ1апІэ.

Ди къуэш республикэхэм

Зэгурыіуэныгъэм Іэ щІадз

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Кавказ Ищхъэрэм щыщ республикитІыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур зэрагъэлъапІэм хыхьэу Ингушым и Магас. КъШР-м и Черкесск къалэхэм я Іэтащхьэхэу Цечоев Бесльэнрэ Тамбий Русланрэ Іэ щІадзащ къалитІыр зэрызэдэлажьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.***

МАГАС и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ Къэрэшей-Шэрджэсым зэхъуэкІыныгъэфІхэр зэрыщекІуэкІым, экономикэм зэрызыщыужьым, щэнхабзэмрэ спортымрэ екъулІэныгъэхэр зэрыщызыІэригъэхьам, цІыхухэм я псэукІэр зэрыщефІакІуэм Ингушым щыпсэухэр зэрыщыгуфІыкІыр. Ар КъШР-м щыпсэухэм республикэр илъэс 25-рэ зэрырикъумкІэ екъуэхъуащ, Черкесск къалэм электроннэ библиотекэ тыгъэ яхуищІащ.

Мейкъуапэ етІуанэщ

АДЫГЕЙ. ***Урысейпсо цІыхубэ фронтым гъэзугхэм ятеухуа и проектым кьрикІуахэр зэхилъхьэжащ икІи абы и лъэныкъуэкІэ зи Іуэху нэхъ зэпэщу къали 10 къыхахащ. Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ и гъэзугхэм я фІагъымкІэ Урысейм етІуанэ увыпІэр щиубыдащ.***

ГЪУЭГУХЭР щынэхъыфІ дыдэщ япэ увыпІэр зыхуагъэфэща Тюмень къалэм. Мейкъуапэ къыкІэлъокІуэ Белгород.

Гъэлъэгъуэныгъэм зыщаплъыхь

АБХЪАЗ. ***Приднестровье Молдавие Республикэм и лІыкІуэ гуп Абхъазым щыхьэщІащ. Республикэмрэ Приднестровьемрэ я президентхэр щыІащ Сыхум къыщызэІуаха, Куржы-Абхъаз зауэр зэриухрэ илъэс 24-рэ зэрырикъур зэрагъэлъапІэм теухуа сурэт гъэлъэгъуэныгъэм.***

АБХЪАЗЫМ щэнхабзэмрэ тхыдэщэнхабзэ щІэинхэмкІэ и министр Арсалие Эльвирэ зэрыжиІамкІэ, я зауэмрэ мамырыгъэмрэ хуэгъэпса гъэлъэгъуэныгъэр хабзэ хъуауэ ирагъэкІуэкІ я текІуэныгъэм и мазхэр щагъэлъапІэм ирихьэлІэу.

Гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьащ абхъаз художникэм зауэ нэужькым зэтеува мамыр псэукІэр къыщагъэлъагъуэ я Іэдакъэщ1экІхэр. Арсалие кьызэрыхихгъащамкІэ, зауэм и зэман гугъуми Абхъазым и сурэтыщІхэм я Іэдакъэщ1экІхэр нэгъуэщІ щІыналъэхэми щагъэлъэгъуащ я хэкум теуха хъыбарыр хэІущІыІу щыным, абы щекІуэкІ Іуэхухэм щыгъуэзэ хъунымкІэ щыгъуазэ хъунымкІэ щыгъуазэ зэриІэр къагурыІуэу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● «Бжьыхьэ дыщафэ-2017»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэри хэтщ

Ди республикэм и мэкъумэш предприятэ тІощІым щІигъум я Іэдакъэщ1экІхэр «Бжьыхьэ дыщафэ-2017» 19-нэ Урысей агропромышленнэ выставкэм щагъэлъагъуэ.

ДЫГЪУАСЭ къызэІуаха выставкэм хэтщ «Іуащхьэмахуэ и жыг хадэхэр», «Бахъсэн и жыг хадэхэр», «Фрукт-Трейд» ООО-хэр. Абыхэм здашащ псынщІэу къызэщІэувэ пхъащхьэмышхьэ лІэужьыгъуэхэр, сок кьабзэхэр, мыІэрысэ гъэпъуахэр. «Кристалл-Тэрч», «Налшык» хьэлвэ завод», «Налшык гъэш комбинат», «Велес-Агро» жэуаплиныгъэ пыухыкІа зыхь общественнэ-государственнэ предприятиехэр: «Ленинцы» СХПК-м щагъэхьэзыр, щІэупщІэшхуэ зиІэ нарзаныпсхэр, пивэр, псыІэфІхэр, джэдкъаэзылхэр, нэкулъэкІхэр куэду икІи зыубгъуауэ ягъэлъэгъуэнущ.

Урысей агропромышленнэ выставкэм кІуа ди лІыкІуэхэм я пашэщ республикэм и япэ вице-премьер, мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Говоров Сергей.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Мы ціыхубзхэм

Уэрэд щІэныгъэ щІэзыІэтыр Ирэ Ирэ

♦Ирэ Ирэ Ирэ Ирэ

♦Ирэ Ирэ Ирэ Ирэ

**♦Ирэ Ирэ

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ

● Жэпуэгъуэм и 5-р Егъэджакіуэм и махуэщ

Щіэблэм я унэтІакІуэхэр

**Илъэс 50-м щІигъуауэ ди къэралым щагъэлъапІэ Егъэджакіуэм и махуэр. А Іэщіагъэм ди къэралым гулъытэ лъагэ зэрыщигъуэтыр иужьрей лъэхъэнэм зыхэдмыщІэу къанэркъым. «Къэрал унафэщІхэм ялъэкІ ящІэнущ егъэджакіуэм и пщІэр жылагъуэм нэхъри къыщыІэта хъун папщІэ, абы къыдэкІуэуи езы егъэджакіуэхэми зыхащІэн хуейщ и пщэ мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэн къызэрыдэхуэр», - апхуэдэ псалъэхэр зи купщІэ гупсысэхэр щІэх-щІэхыурэ утыкуэм щыжаІэ УФ-м и Президентми Правительствэм хэтхэми.

ЕГЪЭДЖАКІУЭМ и Іэхуэхэр егъэфІэкІуэным, хуэфащэ увыпІэ жылагъуэм щигъэтыжьным хуэгъэпса мурадхэр зы илъэскІи зэфІэха хъунукъым. Абы тещІыхьащ къэрал программэ хэхахэр. Апхуэдэщ, хъапщтэмэ, илъэс зыбжанэ лъандэрэ екІуэкІ, УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ щыта «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр. Абы къыщыгъэлъэгъуа унэтІыныгъэхэр къанэ щымыІэу хуэгъэпсащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм, абыхэм я ІэщіагъэлІхэм я Іуэхур дэгъэкІыным, я лъабжьэр гъэбыдэным, я пщІэр къэІэтным. Апхуэдэ икІи нэгъуэщІ Іуэху бгъэдыхьэкІэщІэхэм я фІыгъэкІэ хохъуэ ныбжьыщІэм ират щІэныгъэм и фІагъэм, ар дунейпсо мардэхэм хуэкІуэ мэхъу. А псом къадэкІуэу гугъущ пхъумэну щІыхуэхэм игъащІэми къыддекІуэкІ лъапІэныгъэхэр, ахэр къытщІэувэ щІэблэм гурэ псэкІэ зыхебгъэщІэнри Іуэху тыншыкъым. ЩІэблэм щІэныгъэ куу етыныр гъэсэныгъэ екІу хэпъу къэгъэтэджынри зи къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ школ лэжьакІуэхэр. Ди егъэджакіуэхэр хущІокъу а къалэн гугъуэхэр тэмэму зэрагъэззэщІэным икІи ныбжьыщІэхэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм, творческэ Іуэхуэхэм дегъэзхьэхьми, спортым жыджэру хэшэнми гулъытэшхуэ хуащІ.

Республикэм иджыпсту щылажьэ егъэджакіуэхэм я бжыгъэр мин 11-м щІегъу, абыхэм ящыщу процент 80-м щІэныгъэ нэхъыщхьэ, мини 7-м категорие нэхъыщхьэ яІэщ, 200-м нэблагъэм «ЩІыхь зиІэ егъэджакІуэ», 600-м «Курыт щІэныгъэ егъэгъуэтыным щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэхэр зэрахьэ, 34-м медалхэмрэ орденхэмрэ хуагъэфэщащ, 47-р щІэныгъэ зэхуэмыдэхэм я кандидатщ.

Зы гъи къанэркъым егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэным хухах ахъшэр нэхъыбэ мыхъуу. Ар хуаутІыпщ школышІэхэр ухэсыж, лажьэхэр зэгъэпэщыжыным, егъэджакІуэхэм я улахуэр къэІэтыным, Іэнатіэм технологие, методикэ пэрытхэр хэгъэхьэным, программэщІэхэр, тхылъыщІэхэр къэщтэным, егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным, лэжьыгъэм къыхэжаныкІхэр гъэпэжэным. Апхуэдэу ахъшэ мымащІэ хуаутІыпщ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуа унэтІыныгъэр гъащІэм хэпщэным.

Апхуэдэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ди егъэджакІуэхэр дапщэщи хущІокъу я пщэрылъ къалэн гугъуэхэр - щІэблэр гъэсэныр, егъэджэныр, щІыхуэхэм игъащІэми къыддекІуэкІ лъапІэныгъэхэр абыхэм гурэ псэкІэ зыхегъэщІэныр - тэмэму зэрагъэззэщІэным.

КъытщІэхъуэ щІэблэм я ехъулІэныгъэхэм телажьэ егъэджакІуэхэм дохъуэхъу я Іэщіагъэм епха махуэшхуээр уегъуэрпы яхуэхъуну, ар Іуэхугъуэщхэм, рэ жэрдэмышІэхэмрэ лъэр яхущІэзыгъэкІыу къахущІэкІыну. Жэпуэгъуэм и 5-м хуэдэу гуапагъэрэ гулъытэкІэ гъэнщІа махуэ куэд гъащІэм щывІэну ди гуапэщ.

КЪАРДЭН Нэхунэ.

● Гъэсэныгъэ

НыбжьыщІэхэм гулъытэ хуащІ

КъытщІэхъуэ щІэблэр зэкупсэу, Хэкум и къыщхьэщыжакІуэу гъэсэным иужьрей зэманым гулъытэшхуэ хуащІ. А унэтІныгъэм хуэгъэпсауэ къэралым къыщыззрагъэпэща Іуэхугъуэхэм ящыщщ Школакіуэхэм я «Юнармия» урысейпсо дзэ-хэкупсэ зэщІэхъееныгъэр. Абы ди щІыналъэм зыщиужьащ.

БАХЪСЭН районым хыхьэ Хьэтіохъуащкъуей къуажэм дэт курыт школ №3-м, Куэтэншы ТІалэ и цІэр зезыхьэм, иджыблагъэ щекІуэкІащ а урысейпсо зэгухьэныгъэм кьиГъэв къалэнхэр щІыпІэм зэрыщегъэкІуэкІыпхъэм теухуа семинар. «Школакіуэхэм я урысейпсо дзэ-хэкупсэ «Юнармия» зэщІэхьееныгъэр - ныбжьыщІэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зезыгъэужь Іуэхугъуэщ» зыфІаща зэхуэсым хэтащ щІыналъэм хиубыдэ школхэм ОБЖ щезэгъэщІэ ІэщіагъэлІхэр, школ унафэщІхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ я къуэдзэхэр, класс нэхъыжьхэм щеджэ ныбжьыщІэхэр.

Урысейпсо зэгухьэныгъэм ди щІыналъэм зэрызыщегъэужьыпхъэм теухуауэ доклад купщІафІэ щищІащ егъэджэныгъэмкІэ район Іэнатіэм и методист-эксперт **ТхьэмокъуэЛидэ**. Абы и къэпсэльыныгъэм къыхитеощащ зэхуэсыр щекІуэкІ курыт школым а Іуэхур тэмэму зэрыщыззтраублэр икІи псалъэ иритащ а еджапІэм и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэ **Нэгъуей Заремэ**. Іуэхум фІыуэ хэзыщыкІ лэжьакІуэ пашэм семинарым кьрихьэлІаэхэр щигъэгъуэзащ «Юнармия» урысейпсо зэщІэхъееныгъэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкІэ иІэ мыхьэнэр зыхуэдэм. Заремэ зэрыжиІамкІэ, школым щылажьэ апхуэдэ ныбжьыщІэ зэгухьэныгъэм езым я штаб яІэжу, зэхуэсхэр ирагъэкІуэкІыу, махуэгъэпсым къыщыгъэлъэгъуа махуэшхуэхэм хэхуэу зыхуагъэхьэзыру апхуэдэщ. А псори зытет дискхэр, зэрыт методикэ тхылъ цІыкІуэхэр хуагъэшащ зэхуэсым кьрихьэлІаэхэм.

Іуэхум ехьэлІауэ екІуэкІа псалъэмакъым къыпащэу, семинарым хэтахэр ирагъэблагъащ Хьэтіохъуащкъуей курыт школ №3-м щылажьэ хэкурыдж музейм. Абы иІэ планэпэхэм ящыщу Зауэ щыхьым и пэшым и къызэгъэпэщыкІэр псоми хуабжьу гунэс ящыхъуащ. КъыкІэлъыкІуэу школым и юнармеец ныбжьыщІэхэм хьэщІэхэм щапхъэу ирагъэлъэгъуащ я штабым и зэІущІэхэм ящыщу зы зэрекІуэкІыр, школакІуэхэр Іэщэм хуэшэрыуэу, екІуу утыкум итыным хуэІэкІуэлъакІуэу зэрыщытри щыгъуу.

ТАМБИЙ Линэ.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

ГъащІэм и джакІуэ

Си егъэджакІуэ,
Си егъэджакІуэ,
ГъащІэм и джакІуэ,
ГъащІэм и джакІуэ!
Си гум ихункъым
Гъибл ныбжьым
ситу
Япэу уи нитІым
СыщыщІэпльар, -
Уи бын пэльытэу
УсщыгуфІыкІыу
Гуапэу си щхьэфэм
Іэ щыдэпльар...
Анэдэльхубзэм
Хуэпщі
лъагъуныгъэр
Къысхэумылъхьамэ,
Слъэкіынт сытхэн?
... СщІамэ нэсыну
Уи гум си гуащІэр,
Си гум иусхэм
Уи цІэр щІэстхэнт!

Си гупсысэр зыузэщІыр?

Жылагъуэм и къалэн нэхъ ин дыдэм йолажь егъэджакІуэр - абы цІыху гупсысэр еуэщІ.

КАЛИНИН Михаил.

Цивилизацэм и къалэн нэхъыщхьэр цІыхур гупсысэфу игъэсэнырщ.

ЭДИСОН Томас.

Егъэджэныгъэм и къалэныр гъэзэщІа хьуауэ къыпхуэтьытэнукъым, абы хэт лъэныкъуитІми - егъэджакІуэми абы и гъэсэнми - ябгъэдэлъ щІэныгъэм адэкІэ хагъэхъуэну, гъунапкъэщІэхэм нэсыну гухъыдэж ямыІэмэ.

УМОВ Николай.

Лъэпкъым и къарур къызэралъытэр и цІыху бжыгъэкІэкъым, атІэ и цІыхухэм гъэсэныгъэрэ щІэныгъэу ябгъэдэлъырщ.

ГЮГО Виктор.

Иджырей жылагъуэм и дежкІэ гъэсэныгъэм апхуэдизу мывалым япэ увыпІэр къыщахьащ). Кьудей Элинэрэ Жэмбей Миланэрэ я лэжьыгъэхэр лъагэу къыщалъытащ школ, район зэпеуэхэм, республикэпсо хэкурыдж конференцым.

И дерсхэм къыдэкІуэу Ритэ школым къыщызэрагъэпэщащ икІи щрегъэкІуэкІ «Адыгэ хабзэр», «Удэзыхьэх грамматикэр» гупжьейхэр. Абыхэм йокІуэлІэ егъэджакІуэм и гъэсэнхэм я процент 35-м нэсыр. А бжыгъэхэри щыхьэт тохъуэ Къущхьэм и Іуэху зехьэкІэ пэрытым.

- Къущхьэ Ритэ и дерсхэр дапщэщи къызыхуэтынышэу зэхэгъэуващ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и мардэ псори къыщылытауэ, егъэджэныгъэм и Іэмал пэрытхэр лэжьыгъэм къыщигъэсэбэну. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакІуэр сытым дежи хущІокъу и Іуэху зехьэкІэр зэрыригъэфІэкІуэным, и Іэзагъэм зэрыхигъэхъуэным, - жеІэ Аруан щыналъэм хиубыдэ курыт школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Тхъуэст ФатІимэ. - Ар и зэфІэкІхэмкІэ, и Іуэху зехьэкІэ пэрытымкІэ ядогуашэ къыдэлажьэхэм, адрей егъэджакІуэхэм яхуэщхьэпэн чэнджещэр яретыф.

Интернетым и Іэмалхэр къигъэсбэпэрэ, Ритэ иергъэкІуэкІ щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ сабийжэ зэпызыщІэ дерсхэр. Апхуэдэ лэжьакІэ мардэри хохьэ сабийжэр анэдэлъхубзэм нэхъри дезыгъэхьэх Іэмалхэм.

- НыбжьыщІэхэр уи дерсым дебгъэхьэхьэн папщІэ, уэ ар фІыуэ пщІэуэ абыхэм я пащхьэ укъиувэныр мащІэщ. ЩІэныгъэ куум щыгъуэн хуейщ иджырей зэрырагъаджэ Іэмалхэр, - жеІэ Ритэ. - Апхуэдэу еджакІуэхэм дазэрыдэлажьэ щыкІэхэри зэмылІэужьыгъуэ зэрыгущІыным дыхущІокъуэ. Урок къыщэрыгъкІэм хьдоуауанэ джэгукІэ-къэхутэныгъэхэр, зэпеуэхэр, гупу зы Іуэку кІииным елэжьыныр, абы къытхуигъэув къалэнхэр зэфІэтхыныр, нэгъуэщІхэри.

Ритэ дапщэщи иджыдэру хэтщ илъэс 18-м щІигъуауэ ди республикэм щекІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм. «АдыгэбзэмкІэ иджырей дерс» унэтІныныгъэм, «Методикэ лэжьыгъэ нэхъыфІ» зэпеуэм пашэ зэрыщыхъуам кьапэкІуэу, зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ егъэджакІуэм кьхуягъэфэщащ КЬБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм, Аруан щыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм къабгъэдэкІ щытхъу, фІыщІэ тхылъхэр.

А Іуэхугъуэхэм кьадэкІуэу егъэджакІуэ пашэр щІэх-щІэхыурэ ирагъэблагъэ ныбжьыщІэхэм я олимпиадэ, зэпеуэ лэжьыгъэхэр къэзыпщытэ гупым. Апхуэдэу Ритэ хэтщ адыгэ литературэмкІэ кьыдэкІ зэреджэ тхылъхэм я рецензентэхэм.

Си лэжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэт Къущхьэ Ритэ дохъуэхъу егъэджакІуэм и махуэмкІэ. ЩІэм и лъяхъуакІуэ нэсым и хуэзэпсІэпхэр кьехъуІэну, мурадыщІэхэм ялъэІэсыну ди гущІэгъуэ. Аруэдэ егъэджакІуэ ІэкІуэлъакІуэхэр дыззримымащІэм гушхуэныгъэ кьытхелъхьэ. Ауэ щыхъукІэ, абыхэм я нэІэм щІэту балигъ гъащІэм хьхьэ ди щІэблэри зэрыгъэкІ лъагэ зиІэ, мурадыфІхэр зи плъапІэ щыху зэрыхъунуми шэч хэлъхьым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

НэхъыфІхэм хабжэ

● Щапхъэ

Ди къэралым и щыхьэр Москва къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ УФ-м и щІыналъэхэм я егъэджэныгъэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр зыхэта урысейпсо зэІущІэ. Абы щытепсэльыхьащ 2017 гъэм екІуэкІа къэпщытэныгъэхэм я къарикІуахэм, апхуэдэу щаубзыхуащ яубла гъэ еджэгъуэщІэм Іэнатіэм къыпщыт къалэнхэр. ЗэІущІэм ирихьэлІащ КЬБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и Іэщіагъэлэіхэр, Къэрал экзамен комиссэм (ГЭК) хэтахэр, РЦОИ (Хъыбархэм елэжьыныкІэ республикэ центрым) и лэжьакІуэхэр. Гупым я пашэу щытащ КЬБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КЬБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр Емуз Нинэ.

УФ-м и курыт школхэм мы гъэм щекІуэкІа Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм къарикІуахэм убгъауэ щытепсэльыхьащ зэІущІэм. Абы теухуа доклад зэхуэсым щищІащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм кІэльыплъныныкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Кравцов Сергей. Абы зэрыжиІамкІэ, Къэбардей-Балъкъар Республикэм къызыхэутыншэу къыщызэрагъэпэщащ икІи щрагъэкІуэкІащ ЕГЭ-р. Ди республикэр яхэхуащ а унэтІныныгъэмкІэ ехъулІэныгъэ лъагэ зыІэрызыгъэхьа щыналъэхэм. КЬБР-м щылажьэ курыт школ псори кьызэрэпэщауэ щытащ технологие и лъэныкъуэкІэ зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ, дэтхэнэми езым щытрадзэжащ электрон Іэмалхэмкіэ яІэрыхьа къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр, еджакІуэхэм ягъэзэщІа лэжьыгъэ псори сканерым кІуэцІрыкІащ.

Экзаменхэм къарикІуахэм предмет зырызу уеплъмэ, абыхэм ящыщ зыбжанэмкІэ ди еджакІуэхэм къаха баллхэр хуокІуэ урысейпсо мардэхэм. Ари уи лъэр жан зыщІ Іуэхугъуэщ.

- УФ-м хыхьэ дэтхэнэ субъектми егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ я министрхэм иджыри зэ фигу къызогъэкІыж ЕГЭ-р къызыхуэтыншэу къызэрэпэщынымрэ егъэкІуэкІныныкІэ фи щхьэкІэ жэуап зэрыфхыр, - къыхигъэщащ Кравцовым. - Гъэ еджэгъуэщІэм къыщытпэщыпъ къалэнхэм дащытепсэльыхькІэ, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Зыуэ щыт къэрал экзаменыр егъэкІуэкІыным епхахэр псом нэхърэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Апхуэдэу гулъытэншэ тщІы хъунукъым мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэри: Урысейпсо къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр, 11-нэ классым щІэсхэм ятх къызэрыщІагъэкІ сочиненэр, 9-нэ классхэр кьэзыухэм ят хабзэ къызэрапщытэ экзаменхэр. Егъэджэныгъэр зэІухауэ, пэжыр и лъабжьэу щымытмэ, абы зэи ехъулІэныгъэ къихьныкъым, лъагапІэщІэхэми дыкъэнукъым.

ЗэІущІэм и КІэухэу абы щаГъэлъэпІащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм къыхэжаныкІа, ехъулІэныгъэ лъагэ зыІэрызыгъэхьа щыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, егъэджэныгъэмкІэ министерствэхэм я пашэхэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, апхуэдэхэм яхэхуащ ди щыналъэм и Іэщіагъэлэіхэри. УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и министр Васильевэ Ольгэ фІыщІэ къахуищІащ КЬБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ КЬБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КЬБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр Емуз Нинэрэ.

- ЩІыналъэм хьыхьэ щыпІэхэм я унафэщІхэм, егъэджэныгъэмкІэ щыпІэ Іэнатіэхэм, курыт школхэм, жылагъуэ кІэльыплъакІуэхэм зэдэууэ яГъэзэщІа лэжьыгъэфІхэм къытхуихьащ апхуэдэ екъулІэныгъэхэр, - жиІащ Емузым. - Лъэпкъ щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ егъэфІэкІуэным хуэщІа апхуэдэ Іуэху зехьэкІэ пэрытым дяпэкІи пытщэну ди мурадщ.

Апхуэдэу УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм кІэлъыплъыныкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъхэр ираташ ди республикэм и ГЭК-м хэтахэм, РЦОИ-м и Іэщіагъэлэіхэм, КЬБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и пресс-секретарь Мыз Залинэ сымэ. ЩІалэгъуалэм я Урысейпсо Зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэмкІэ ягъэлъапІащ КъБКъУ-м и студентхэу жылагъуэ кІэльыплъакІуэхэм я кьалэныр зыгъэззэщІахэр.

КЪАРДЭН Ритэ.

ЩІэм и лъыхъуакІуэ

Нарткъалэ дэт курыт школ №6-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ илъэс куэд лъандэрэ щезыгъэдж Къущхьэ Ритэ зи Іэщіагъэм хуэІэижь, Іуэху зехьэкІэ пэрыт зиІэ лэжьакІуэщ. ЩІэблэм щІэныгъэ куу яриту, сабийжэр фІым, дахагъэм хуиущийуэ и Іэнатіэр ныкъусаныгъэншэу ирехьэкІабы.

«АКЪЫЛЫР ящэркъым, къащэхуркъым - зрагъэгъуэт» адыгэ псалъэжьыр и гуэгугъэльагъуэу сабийжэм ядолажьэ Ритэ. Зэхэдз имыщІу ар зэхуэдэу егугъуу бгъэдэтщ нэхъ сабий жыджэрэмэ еджэным къыщыкІэрыхуэхэм. Аращ абы и еджакІуэхэм ящыщ куэд анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ хуабжьу щыдихьэхыр. Къущхьэм и гъэсэнхэр езым хуэдэу жыджэрхэщ, щІэныгъэщІэхэм я лъыхъуакІуэщ, къэхутакІуэ ныбжьыщІэхэщ. Абы сабийжэр къызэрыдихьэхыр бгъэдэлъ щІэныгъэ куум и закъуэкъым, атІэ и хьэл-щэн зэпІэзэрыгъэпэщащ, Іурылъ адыгэбзэ кьабзэмкІи еджакІуэ цІыкІуэхэр етхьэкъу. И гъэсэнхэр и гъусэу Ритэ щІэхщІэхыурэ хэтщ школпсо, щыналъэпсо, республикэ зэпеуэхэм, увыпІэфІхэри къыщІэкъ.

- Адыгэбзэм, литературэм хуэнэхъуеиншэ еджакІуэ цІыкІуэхэр си мащІэкъым. Ахэр яфІэфчэ хэтщ ди щІыпІэми щыналъэми анэдэлъхубзэмкІэ къыщыззрагъэпэщ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Хэтым и мызакъуэу, увыпІэфІхэри къыщахь, - жеІэ Ритэ. - Апхуэдэу, илъэс блэкІа зытІущыр къэсщтэнщи, ехъулІэныгъэ яІэу зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм хэтащ си гъэсэнхэу Пщыхуэфі Темыркъанэрэ Гъыдзэ Ибрэхьимрэ («ФІыщІэу уэсІыгъуэ, си Хэку дыщэІ» республикэпсо зэпеуэм и саугъэтыр кьахьащ), БищІо Данэ, Къалмыкъ Дианэ, Къэмбэчокъуэ Аслъэн, Джэрий Даринэ, Мэрэй Аслъэн сымэ (Адыгэхэм я дунейпсо махуэм хуэгъэпса «Адыгэхэр я щыгум щопсэуж» республикэпсо фестивалым япэ увыпІэр къыщахьащ). Кьудей Элинэрэ Жэмбей Миланэрэ я лэжьыгъэхэр лъагэу къыщалъытащ школ, район зэпеуэхэм, республикэпсо хэкурыдж конференцым.

И дерсхэм къыдэкІуэу Ритэ школым къыщызэрагъэпэщащ икІи щрегъэкІуэкІ «Адыгэ хабзэр», «Удэзыхьэх грамматикэр» гупжьейхэр. Абыхэм йокІуэлІэ егъэджакІуэм и гъэсэнхэм я процент 35-м нэсыр. А бжыгъэхэри щыхьэт тохъуэ Къущхьэм и Іуэху зехьэкІэ пэрытым.

- Къущхьэ Ритэ и дерсхэр дапщэщи къызыхуэтынышэу зэхэгъэуващ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и мардэ псори къыщылытауэ, егъэджэныгъэм и Іэмал пэрытхэр лэжьыгъэм къыщигъэсэбэну. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакІуэр сытым дежи хущІокъу и Іуэху зехьэкІэр зэрыригъэфІэкІуэным, и Іэзагъэм зэрыхигъэхъуэным, - жеІэ Аруан щыналъэм хиубыдэ курыт школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Тхъуэст ФатІимэ. - Ар и зэфІэкІхэмкІэ, и Іуэху зехьэкІэ пэрытымкІэ ядогуашэ къыдэлажьэхэм, адрей егъэджакІуэхэм яхуэщхьэпэн чэнджещэр яретыф.

Интернетым и Іэмалхэр къигъэсбэпэрэ, Ритэ иергъэкІуэкІ щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ сабийжэр зэпызыщІэ дерсхэр. Апхуэдэ лэжьакІэ мардэри хохьэ сабийжэр анэдэлъхубзэм нэхъри дезыгъэхьэх Іэмалхэм.

- НыбжьыщІэхэр уи дерсым дебгъэхьэхьэн папщІэ, уэ ар фІыуэ пщІэуэ абыхэм я пащхьэ укъиувэныр мащІэщ. ЩІэныгъэ куум щыгъуэн хуейщ иджырей зэрырагъаджэ Іэмалхэр, - жеІэ Ритэ. - Апхуэдэу еджакІуэхэм дазэрыдэлажьэ щыкІэхэри зэмылІэужьыгъуэ зэрыгущІыным дыхущІокъуэ. Урок къыщэрыгъкІэм хьдоуауанэ джэгукІэ-къэхутэныгъэхэр, зэпеуэхэр, гупу зы Іуэку кІииным елэжьыныр, абы къытхуигъэув къалэнхэр зэфІэтхыныр, нэгъуэщІхэри.

Ритэ дапщэщи иджыдэру хэтщ илъэс 18-м щІигъуауэ ди республикэм щекІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм. «АдыгэбзэмкІэ иджырей дерс» унэтІныныгъэм, «Методикэ лэжьыгъэ нэхъыфІ» зэпеуэм пашэ зэрыщыхъуам кьапэкІуэу, зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ егъэджакІуэм кьхуягъэфэщащ КЬБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм, Аруан щыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм кьабгъэдэкІ щытхъу, фІыщІэ тхылъхэр.

А Іуэхугъуэхэм кьадэкІуэу егъэджакІуэ пашэр щІэх-щІэхыурэ ирагъэблагъэ ныбжьыщІэхэм я олимпиадэ, зэпеуэ лэжьыгъэхэр къэзыпщытэ гупым. Апхуэдэу Ритэ хэтщ адыгэ литературэмкІэ кьыдэкІ зэреджэ тхылъхэм я рецензентхэм.

Си лэжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэт Къущхьэ Ритэ дохъуэхъу егъэджакІуэм и махуэмкІэ. ЩІэм и лъяхъуакІуэ нэсым и хуэзэпсІэпхэр кьехъуІэну, мурадыщІэхэм ялъэІэсыну ди гущІэгъуэ. Аруэдэ егъэджакІуэ ІэкІуэлъакІуэхэр дыззримымащІэм гушхуэныгъэ кьытхелъхьэ. Ауэ щыхъукІэ, абыхэм я нэІэм щІэту балигъ гъащІэм хьхьэ ди щІэблэри зэрыгъэкІ лъагэ зиІэ, мурадыфІхэр зи плъапІэ щыху зэрыхъунуми шэч хэлъхьым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Іут Хьэужан и дерсхэр

ЦІыху къэс гъащІэ гъэзгу щхьэхуэ хуэхэхауэ щытщи, дэтхэнэми хуитыныгъэ иІэщ зытехьэну лъагъуэр и гумрэ и псэмрэ къыдыхьэу къыхихыну. ЕгъэджакІуэ Іэщіагъэм, ар щІэныгъэ гъунапкъэншэ щызэбгъэгъуэтын гъуэгуу къилъытэу, пасэу дихьэхат мы тхыгъэр зытеухуа цІыхубз телъыджэр. Абы къыгурыІуэрт егъэджакІуэ Іэщіагъэр къыхэзых дэтхэнэми и гумрэ и псэмрэ сыт щыгъуи я лэжьыгъэм етауэ, сабийжэр фІыуэ илъагъуу, и хьэлкІэ, тепльэкІэ, бгъэдэлъ щІэныгъэмкІэ ныбжьыщІэхэр къыдихьэхыфу щытын зэрыхуейр.

ГУГЪУЩ а Іэнатіэм упэрытынэр, ауэ щыІэщ а Іэщіагъэм гурэ псэкІэ бгъэдэтхэр, пІащІэу махуэ хьэскІэ лэжьакІуэ кІуэхэр. Лэжьыгъэ Іуэхуэ-кІэ къыпащІэхуэ гугъуэхьэхэм къарагъэкІуэтакъым Бахьсэн кьалэ дэт курыт еджапІэ №94-м илъэс 45-рэ хъуауэ пщІэдзэ классхэм щезыгъаджэ Іут Хьэужан Хьэчим и пхъур.

Илъэс пщыкІубгъум иту лэжьэн щІидзащ Хьэужан. Абы лъандэрэ зы махуэ хущІегъуэжакъым къэхихьа Іэщіагъэм. НыбжькІэ щІалэу лэжьыгъэм пэрыувами, ар куэдым хуэнабдзэгубдзапльэт. Абы хутъэкІащ къыдэлажьэхэмэ, иригъаджэ, иригъаджэ щІыкІуэхэм я гум дыхьэн, фІыуэ закъригъэльагъэр. Хьэужан махуэщІэм хуэпІащІэу, псынщІэу лэжьапІэм нэсу цІыкІуэхэм зэрахьэхьэным, щІэ гуэр зэрагъэщІэным иужь иту апхуэдэщ.

Сабийхэм я кьэкІуэнур куэдкІэ зэпльытар и егъэджакІуэхэрауэ жаІэ. Икли пэжщ ар, сыту жыпІэмэ сабийм зэман нэхъыбэ щигъакІуэр еджапІэращ. Ар Іэмал имыІэу кІэльопльэ егъэджакІуэм. Икли и хьэл-щэнхэм ящыщ гуэрхэр зыхелъхьэ, доплъей, абы ещхьу зэрыщытыным хущІокъуэ.

Егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм пыщІауэ лажьэ дэтхэнэм и дежкІи мыхьэнэ ин иІэщ мы махуэшхуэм. ЕгъэджакІуэхэм я махуэм ирихьэлІэу сыхуейт си егъэджакІуэфІу щыта, нобэми хуабэу, гуапэу си гум ильэ, сызыдэплъей Іут Хьэужан сехъуэхъуну. Узынщагъэр иІэу иджыри илъэс куэдкІэ тхуэлэжьэну, тхуэузынщэну!

БЫШЭН Назирэт.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Октябрь революцэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу

«Гъущ1ым къыхэщ1ык1ат»

Дзержинскэм «Гъущ1ым къыхэщ1ык1а Феликс к1э» еджэрт. Дэнэ а фІэщ1ы-гъэц1эр къыздик1ар? Абы и жэуапыр зэмыл1эужьыгъуэу к1ал1эуатэ.

ПСАЛЪЭМ и хьэтыркІэ, урысей контрразведкэм теухуа «Тхыдэм и хъумак1уэ щ1эхухэр» тхыпІым къарал шынагъуэншагъэмкІэ ІэнатІэм и генерал-майор Красновскэмрэ журналист Арифджаповымрэ мыпхуэдэ хъыбар къыщ1ыхьлъхьэ. 1918 гъэм и ГъатхэпэМ Петербург къик1ыжри, Москва Іэпхъуащ Совет Урысейм и яп1э правительствэр. Дзержинскэр зи пашэ чекистхэм хэщ1апІэ яхуэхъуащ Лубянкэм тет унэр, нэхъапэм «Рікорь» страховой обществэм ейуэ щытар. Дзержинскэм пэш щ1ыхухахащ ет1уанэ к1ытым. Зэгуэр щ1ьэгъубжэм къыдэлъэтык1ри, пэшым щ1эхуащ гранатэ. НапІэзыпІэм къыщ1ьлъэтри, Дзержинскэр дзлъэдащ ящрэйжэм к1ал1энауэ утыкум ит сейрбишхуэм. Гранатэ къэуам псори эзригъэдзэк1ащ ихъуреягък1э. Къыз3хуэса чекистхэм къал1ъэгъуащ лажьи-хьати имыІэу сейфым къыдэпщ1ыжьар. Абы иужьк1э чекистхэм я Іэтащхьэм пэшыщІэ хухахащ, пэжщ, пщІантІэ к1уэцІым нэхъ пэгъунэгъуу.

Лубянкэм щ1ал1ожьаэм жа1эжырт а къэхъуам иужьк1э Дзержинскэм «Гъущ1ым къыхэщ1ык1а ц1ыху» фІащауэ. Арщхьэк1э революцэм и вождэм я къек1уэк1ык1ар зытхэзм жа1эр нэгъуэщ1ыщ: псори зэлъытауэ щ1тар Дзержинскэр къеъэк1-нехьэк1 зыхэмылъ л1ы т1ийуэ, зыми щымышынэу зэрыщ1ытар.

Ар зэрыпэжым щ1ыхьэт техъуэ щ1апхэ куэди щ1ы1эщ. ВЧК-м и Іэтащхьэм ип1эжыпІэк1э гъущ1 хьэл хэлът, зыми къыпик1уэтыртэкъым, «большевикыжьхэми» Сталинми щ1ышынэртэкъым. Мис абы 1926 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къипсэлъхэм щ1ыщ пычыгъуэ: «Къэралыр емыт1ысэхьн папщІэ къэрал къ1ульк1уущ1эхэм ехьэлІа Іуэхур зэфІэдгъэк1ын хуейщ. Къ1ульк1уущІэхэм я бжыгъэр Іэубыдыпіэншэу зэрагъэбагъуэм, бюрократизм зэрызиубгъуэм, тхьылымпІэ минищэхэр зэрызэрахьэм, унэшхуэхэр зэрызэрапхъуэм, автомобилхэм псори зэратхьэхъуэм уагъэгузавэ. Псоми ял1ьагъуу мащІэхэм къэралыр ирагъэшх. А псом щ1ыІужк1э ук1ытэншэу ик1и нэхъапэм ямыл1эгъуауэ Іулъхьэшхуэхэр зок1уэ, мы1ыкур зэхадыгъуэ, къэралым ейр ц1ыху щхьэхуэхэм я жыпхэм мак1уэ... А псоми сыщег1упсык1э, си щхьэфащхэр мэтэдж. Сэ мыхъа-мы1Іэу зыхуэзгъэзащ си лэжьапІэм сытрагъэк1ыну сыл1ал1эу. Апхуэдэу улэжьэфынук1ым».

«Аргументы и факты».

● Испание

Каталониемэ сэлам къарехьыж

Полицейхэм токъмакъхэр къагъэсэбэгъуэр Испаниер зыуэ щытыным и Іуэхур пхагъэк1ащ. Каталоние автоном областыр щхьэхуэ хъуным тещ1ыуэ референдум щек1уэк1ым щ1ыхь куэд яубгъэжьащ.

ИСПАНИЕМ и правительствэм пасэу жи1ат плебисцитыр зэримыдэр, ар хабзэм емызэгъыу къызэрил1ытэр. Абы и тепльхьэу къэуващ Пащтыхь судри. Іэ1этым ип1э къихуэу властхэм хэхьап1э участкэхэу щэхэр зэхуащ1ащ, тхыгъэ зратха бюллетенхэу мин 770-рэ нэхъ3рэ мынэхъ мащІэ къыщІахащ, абы къыхэк1ыу, ахэр референдумым къриік1уахэм хагъэхьакъым.

Іэ щ1а1эта махуэм полицэр хуабжьу зэран яхуэхъуащ зи фІэфІыныгъэр къ3зыгъэлъэгъуэну хуейхэм. Абы папщІэ нэпс къыщІ3зыгъэж газри, токъмакъхэри, хьэфэм къыхэщ1ык1а шэхэри къигъэсэбэпащ. Дуней псом щ1ал1эгъуащ л1ыы къ3зылъхьэ къ3уващ Пащтыхь судри. Іэ1этым ип1э къихуэу властхэм хэхьап1э участкэхэу щэхэр зэхуащ1ащ, тхыгъэ зратха бюллетенхэу мин 770-рэ нэхъ3рэ мынэхъ мащІэ къыщІахащ, абы къыхэк1ыу, ахэр референдумым къриік1уахэм хагъэхьакъым.

Іэ щ1а1эта махуэм полицэр хуабжьу з3ран яхуэхъуащ зи фІэфІыныгъэр къ3зыгъэлъэгъуэну хуейхэм. Абы папщІэ нэпс къыщІ3зыгъэж газри, токъмакъхэри, хьэфэм къыхэщ1ык1а шэхэри къигъэсэбэпащ. Дуней псом щ1ал1эгъуащ л1ыы къ3зылъхьэ къ3уващ л1ыжьхэмрэ къ3з3рыщ кадрхэр. З3жьэхэуэхэм фэбжь хахащ ц1ыху 844-м, уІэгъэ щ1ыхъащ полицей 33-рэ.

Ауэ Мадрид хуэзфІэк1ахьым Іэ1этыр къ3зтригъэувыІэпэн. Къ3зэхуэсахэм я процент 90-р Каталониер щхьэхуэ хъуным и телъхьэу къ3щ1эк1ащ. Занщ1эу абы ирельеф я автономием и Іэтащхьэ Пучдемон Карлес жи1ащ «республикэ теплъэ и1эу хамэ унафэ щІэмыт къэралу щытыным теухуа хуитыныгъэ Каталонием з3ригъэтар». Плебисцитым къик1уахэр з3хал1ъхьэжа иужь, Каталонием и парламентым и мурадащ Испанием къ3з3рыхэк1ым теухуа унафэ къ3щт3ну.

Арщхьэк1э Испанием и премьер-министр Рахой Марианэ жи1ащ Каталонием референдум гуэри щемык1уэк1ауэ: хабзэм едаІуэ ц1ыхухэр конституцэм къемызэгъ Іэ-Іэтым хэтыхха къ ым. Абы и псал1эжьам я1епщ1ыхьмэ, Іэ зы1эта адрейхэм я Іуэху бгъэдыьхэк1эхэр къамыл1ытэмэ хъунщ.

КОЖЕМЯКИН Владимир.

«Аргументы и факты»

Урысейхэм я Іыхьэ щ1анитІым ахъшэ дадзыхыр-къым.

«ЦІЫХУХЭ, ахъшэхэр хъумапІэ кассэм хэфІъхьэ! - т1эк1у докІри къыкІэлъыкІуэу мэлу, - ахэр, дауи, фи-Іэу щытмэ», - Иван Васильевич теухуа совет комедие щ1эрыІуэм ильэс 60-м нэс ипэк1э щ1ыжа1а а псалъэхэм я мыхьэнэр иджыри к1уэдакъым. ВЦИОМ-м мурад ищ1ащ урысейхэм я ахъшэ гъэтІылъыгъэхэр зыхуэдизыр зригъэщІэну. Абыхэм я Іыхьэ щ1анитІым ахэр зы щ1ыпІи щ1амыхъумэу къ3щ1эк1ащ - з3уплщ1ахэм я процент 63-м нэблагъэм заумысыжащ апхуэдэ гуэри з3рамылэмк1э. ЗыгъэтІылъыр процент 36-м зымащ1эк1э щ1игъу къудейрщ. Я нэхъыбэм щ1ахъумэри банкхэрщ.

Ар щ1ыхьэт техъуэу къыпІэщ1ынущ ц1ыхухэр з3рык1ъулейсыбэм е з3рымыгудзакъэншэм. Ауэ псори апхуэдэу къыз3рыгуэк1-къым. «Сыт хуэдиз хьэ ахъшэра гъэтІылъыгъэу къэплъытэн хуейр? - социологэм а я упщІэм къэралым ику ину жэуапу къ3щратащ: «Сом мин 30,8-рэ». НэгъуэщІу жыпІэмэ, абы нэхъ3рэ нэхъ мащІэмэ, гъэтІылъыгъэу ябжьрк1ым.

З3упщІахэм я процент 3-ращ насыпр гъащІэм епхауэ жьы1ымы1ар. Ауэ процент 89-м фІы дыдэу ящІэ насыпифІэ хъун папщІэ зыхуеинур зыхуэдизыр. Къэрал псом ику ину тещ1ыхьауэ сом мини 105,5-рэ. (Москварэ Петербургрэ бжыгъэр щынэхъыбэщ - сом мини 141-рэ). Нэхъ мащІэ дыдэ хъунэхъуэ къуажэдэсхэрщ - сом мин 61-рэ.

КОЗЛОВЭ Александрэ.

«Комсомольская правда»

● ГъэтІылъыгъэхэр

ЯІэщ, арщхьэкІэ...

Щ1ыпІэ политикхэр Урысейр къагъэпэудыну щ1ыз3пеуэ мы з3маным Балтикэ тенджызым и Іуфэм Іус ми къэралым ц1ыху минищэхэр йоІэпхъук1.

ЛИТВАМ щ1ыІэ щ1ытык1эр зыхуэдэр къ1бгурыІуэн папщІэ, къал3кум нэхъ п3ІэщІэу Вильнюс и уэрамхэм къ1щ1ыпк1ухьэн хуей къудейуэ арац. Уэ ц1ыху зыщ1ымыпсэжэм щ1ыпІэ гуэр укъ1щ1ыхутауэ къ1щ1ыхьунущ - ихъуреягък1э закъуэт1ак1уэ фІэк1а щ1ыпІъагъ1ынукъым. Махуэм, зыгуэрщ: ауэ п1щ1ыхьэ-хьэ хъуамэ, уошынэ к1ыфІым къ1хэжку зык1уадзмэ-щ? Лэжьэгъуэ махуэр щ1ихх1э Урысейм и гъ1эгуэхэм автомобилхэр тезщ, ауэ Вильнюс и уэрамхэр нэщІщ. Жа1э ц1ыхуэхэр зыгъэпсэхуак1уэ щ1ы1э хуэдэу. Арщхьэк1э бжыгъэхэм нэр иращІ - СССР-м къ1з3рыхэк1ыжрэ Литвам щ1ыпсэур мелуани 3-рэ мин 700-м къ3рхи, мелуани 2-рэ мин 850-м хуэк1уащ. Ильэс къэс ЕС-м мэ1эпхъуэ литвахэм я щ1ыщ1у зы процентрэ нык1ъуэм хуэдиз. Щ1ыпІэм щ1ыпсэухэр мэгушыІэ аэропортым къ1щ1ыфІадзэнк1э хъуну: «Ди къэралыр зыбгынэ иужьрей ц1ыхум долъэІу уэздыгъэр игъэнк1ыфІыну зыщ1ымыгъэгъупщэну!»

«Мыбы ущ1ипсэфынук1ым»

Илъэсипщ1 ипэк1э сэ Лондон сыш1ыхьащ1 кафе мы1ъапІэ гуэрым. Си псэлъэк1эр зэрыз3хихьу І3нэзэхьэр пыгуфІык1ащ: «Урысыбзэк1э жы1э». Ар Литвам къик1а гастарбайтеру къ1щ1ак1ащ. Пищ1э яхуэз3ыхьэм, уэрамхэр зыпхъэнк1эм, хьэкъущ1ыкъуэкъэр зыт-хьэщ1эхэм яхуэдэу. Литвам ц1ыху минищэхэр ик1ащ Инджылызым, Ирландием, Германием уэрамхэр щапхъэнк1ым, сабийхэр щ1ытрагъэун, хьэкъущ1ыкъуэкъэр щатхьэщ1ын папщІэ. Сэ І3нэзэхьэм сеупщІащ къ1з3дэк1уар игу ирихьрэ ириміыхьрэ. Жэуап къ1зыитыжащ. «Ирихьщэркъым, ауэ Литвам ущ1ипсэфынукъым». Иджы Ливерпулрэ Дублинрэ къ1щ1ыхутащ литвахэм фІэк1а зыдэмыс ьхэблэ псохэр. Ахэр хуейкъым я хэку яг3ъ3эжьыну.

- Дэ куэдыІуэм дыщ1ыгугъащ, - зеумысыж Каунас щ1ыщ хъэрыч3тыщІэм. СССР-м дыкъ1ъ3зыщІэк1ыжу, къ1ул1ей дыхъ1уу дахэу дыпсэуну къ1тфІэщІащ. Еплъ: Швейцариер къэрал щ1ык1ущ ик1и щ1ыдагъэнщэщ, ауэ ахъшэ и куэдщ, здихьыж имыщІэу! Бельгиер-щэ? Финляндиер-щэ? Пщ1ыхьащхьэк1эрэ ди уэрамхэм ирик1уэ сабийхэр зыгъэджэгур л1ыжь-фызыжьхэрщ. Адэ-анэхэр инджылызхэм яхуолажьэ. 2004 гъэм Литвар ЕС-м хьихьэри, ц1ыхухэр хуит хъуащ Европэм к1уэну. Абы л1андэри къ1з3теувыІэрк1ым. 2050 гъэм ирихьэлІэу Литвам ц1ыху мелуанитІ нэхърэ нэхъыбэ къ1мынэну жа1э. Апхуэдэурэ ек1уэк1Імэ, 2100 гъэм ирихьэлІэу къэралыр щ1ыІэнэщІ хъунущ.

«Европей Таджикистаным» дыхуэдэщ1!»

Вильнюс и уэрамхэм жьым щ1ы3эщІегъэхъае «Литвам къанэ!» къ1хуедж3ныгъэр зытетха плакат тек1ыжкаэр. Ильэситху ипэк1эахъшэшхуэ трагъэк1уэдащ ныбжьыщІэхэр къагъэІуэлэным: уи къэралым ущ1ипсэну, сабийхэр щ1ипІну, уи Хэкур фІыуэ плъагъуну гъуэзэджэщ! Арщхьэк1э ахъшэр псым хапхъ3уэ къ1щ1ак1ащ: ик1Іэр нэхъыбэ хъуащ. Ц1ыхухэм зэреупщІам къ1з3ри-гъэлъэгъуамк1э, иджыпсту ежьэну хьэзыр щ1ал3гъуалэм и процент 20-р. Уемыгугъ1сынк1э І3мал и1эк1ым: Литвар Сириек1ым е Иракк1ым, мыбы бомбхэр щрадзыхыр-к1ым, ц1ыхухэри щ1ымэжал1эрк1ым, ат1э абы щхьэ ик1Іэ Европэм щ1ы-зек1уэ уасэхэм тещ1ыхьауэ ахъшэ жьгъейк1э Лондон уэрамхэр щ1ы-зыпхъэнк1ыну хьэзыр ц1ыху минищэхэр? Зуплъхьмэ, псори хъ3рзынэ хуэдэщ - Литвам курыт улахуэр евро 700 (сом мин 49-рэ), пенсэхэр евро 300 (сом мин 21-рэ) щ1охъу. Процентитхум щ1имыгъу ипотекэк1э тынщу фэтэр къ1щ1ыпщ3хуфынущ - дэ апхуэдэм, уеблэмэ, дыщ1эхъуэпсыфырк1ым. Ат1э сыт щхьэусыгъ3уэр? Къэк1уэнур зыми и фІэщ з3рымыхъ3рщ. 2009 гъэм Литвам и бюджетым и процент 30-р ЕС-м къ1хуиутІыпщ1а дотацэхэрт, аргуэру процент 15-р нэгъуэщІ къэралхэм щ1ылажьэ гастарбайтерхэм къагъэхьарт. - «Дэ европей Таджикистаным» дыхуэдэщ! - жеІэ ильэс 22-рэ зи ныбжь Альгимас. Ар зыгъэпсэхуак1уэ Вильнюс къэк1уэжащ, Ливерпуль и тык1ынышхуэ з3ерым кассиру щ1олажьэ. Хъупсэу ущ1ытыну тынщ, улахуэщхуэ уи1эу уполитикмэ. Коммунальнэ І3эхутхьэбзэ къудейхэр евро 200 (сом мин 14) я уасэщ. Дэ ди улахуэхэм ирипсэуамэ, ар езыр Лондон з3рыщІэпэхъуэжрэ куэд щ1ат».

- Экономикэм дыщ1эзыІууэ гугъуехьхэр ик1ыхоК1 з3 з3пымыууэ Урысейм дызэрытехъущ1ыхьым, - жеІэ егъэджак1уэ щ1ыта (ар лэжьак1уэхэр щ1агъэмэщІа 2012 гъэм и І3натІэм Іуагъэк1ащ) Петраускас Янис. - Пэжщ, сэ къызолытІэ Литвар езым фІэмыфІу иубыду и1ыгъ3ауэ. Ауэ ар блэк1ащ. 1991 гъэм ди з3хущ1ытык1эхэр щІэуэ з3тедухуэжьын хуеящ. Иджы ди политикэр хуэзгъ1ащ: «Хэт нэхъ Іей Урысейм иримыпэсрэ?» з3пеуэм. Совет оккупацэм папщІэ ахъшэ ящ1ыдатыну къагъ3ув. Ауэ хэт и ныкъуэделэ ар къ3ъ3ытынур? УФ-м етщэн ддакъым щ1ыдагъэ з3рык1уэ «З3ныбжьэгъуг3» бжьамийр. Иджы ар Урысейм къ1игъэсэбэпыжыр-къым. Абы къ1ыхэк1ыу тфІэк1уэдащ транзитым п3к1уэ ахъшэшхуэр. Евросоюзым и санкцэхэм дыхьихьэри, Прибалтикэм щ1ынэхьыфІ ди гъэшхэк1эр зыщ1эхун димы1эу дыхьэнащ. Иджы фи къэралым паромхэр Калининград щ1ыхуэ, ди гъэТІылъыпІэхэм къ1ыхуеижьнукъым. Аращи, Литвам аргуэру доллар мелард фІэк1уэдынущ. Си нэгу къ1щ1ізгъэхьэну сыхуейкъым ди экономикэм къ1щ1ыщ1ынур.

Циркым ещхьщ

Сэ къ1ысщ1ыхуащ министрхэмрэ Литвам и ц1ыху къ1ызэрыгуэк1эмрэ планетэ зырыз щ1ыпсэууэ. Иужьрейхэр Урысейхэм ик1ахэм къ1ахуогуапэ, урысыбзэк1э къ1опсалъэ. Ауэ щ1ыпІэ газетхэм уеджамэ е радиом уедаІуэмэ, зэхэпхыр Литвар зыхигъэхьэну Урысейр хуейуэщ. Мыбы делагъэ дыдэу щ1ыт зыгъэсэныгъэхэр щрагъэк1уэкІ - Калининград к1уэ мафІэгум и пассажирхэр республикэм яубыдыну хущІокъу, губгъуэм щ1ытыськІауэ. Ар аж3гъафэхэр зыхэт цирк мыхьэнэнщэщ. Арщхьэк1э политикхэм я фІэщ мэхъу псори тэмэму я щ1ъу. Урысейм фІыуэ хущ1ытын хуейуэ жызыІэ дэтхэнэри «Кремлым и агенту» къ1ущІедэ.

Сэ сы хуейк1ым фызгъэжэкъэну Литвам щ1ыщу зыри хуейк1ым Совет Союзым яг3ъ3эжыну. Аэ 1991 гъэм абы и политикэм Урысейм тэмэму къ1ухущ1ытын щІадзэмэ, Литвам и экономикэр хуабжьу нэхъыфІынут, ц1ыхуу ик1ынури нэхъ мащІэнут. Ди насыпщІ, ди деж апхуэдэ гугъуехьхэр щ1ы1экъым, ауэ абы и щапхъэр дерс къ1ыхэтхын хуейщ! Ильэс 26-рэ хъуауэ я псэук1эр ефІэк1уэну властхэм къагъэгугъэрэ, я псэук1эфІыр ямы1ъагъуэ, къ3хъунур белджылыщ. Аращи, Урысейм ущ1ипсэуну з3рынэхъыфІыр ц1ыхухэм едмыг3ъ3лъагъужмэ, Литвар з3рыхуа щ1ытык1эм дыкъ1ихутэнк1э хъунущ.

ЗОТОВ Георгий.

«Аргументы и факты»

● Дэнэ сыт къ1ущ1ыхъуа?

Мис ар псапэщ!

ФІы зыщ1ар къал1ыхъуэ, ауэ яг1уэтырк1ым

Иркутск щ1ыІэ «Оберег» псапащІэ фондым пщ3дджжьжь къ3с къ1ахь щ1ыг1ынхэр, ерыскъы, сабий щ1агъщ1эл1эхэр з3рылъ хъурж1ынышхуэхэр. Мыбы щадоІэпыкъу зи бын ц1ык1у яг1уэсу къ1ул1ейсы3ыгъ3 хэхуа щ1ыхуб3хэм. Мы з3мэным щхьэегъ3зыпІэм пІалъэк1э щопсэу ц1ыху 70 хуэдиз.

А МАХУЭР сыт и лъэныкъэк1и къ1ызэрыгэк1т: сыхьэти 8-м ирихьэлІэу къ1ызэхуэсащ зык1ом. Хъурж1ынхэр къагъ1ынэрэ, псалъэмакъыншэу Іук1ыжхэрт. Климовэ Марие, з3ресэжауэ, абыхэм ящ1ыщ зы з3Іуихащ. Бостей ц1ык1у зыбжанэ я щІагъым щІэлът... щхъ1ыщхъ тхыльмпІэ ахъшэ щІэрыпсхэр! Къежэ1а и лэжьэгъуэм ар т1ельыджэ ящ1ыхъри, я жьэхэр Іуг1ыжащ. Ауэ ар къ3зхьыар апщІондэжу к1ъ б3эхьжат.

Къабжри, сом мелуанрэ мин 17-рэ 500-рэ хъууэ къ1ущІэк1ащ.

- Апхуэдиз ахъшэ си гъащІэм з3и с1ыгъ1ажьм, - т1ельыджэ щ1ыхъуат фондыр къ1ызэзыгъэпэщащ Соболев Александр.

Дауи, къал3ръхьэ ахъшэр лей хъунущ1ъым: унэр щ1ымахуэм хуагъэхьэзырын хуейщ, езы Іуэхущ1апІэми ахъшэ къ0мэщІэк1. Арщхьэк1э ахъшэм з3к1э хэІэбакъым: зейм ар къ1ущ1ыгъупщ1ауэ къ1ущІэк1ынк1э з3хуэІуа щ1ы1эжьыщ...

ЧИЧИГИНЭ Аннэ.

«Комсомольская правда»

● Къаугъэ

Уриджэгу хъунукъым

Пентагоным ирегъэлей

Вашингтон щ1ыІэ урысей посольствэм щІэпІейтеин аргуэру иІэщ. Зи гугъу тщІыр «Пентагон и учебникырщ». Посольствэм и пресс-секретарь Лохониным и псалъэхэм ятепщ1ыхьмэ, абы щ1ызэпкърах урысейм з3ерымрэ американыдзэхэмрэ Донбассым щ1ызэжьхэуэнк1э з3рыхъунум кърик1уэнухэри.

«ЕЗЫР-ЕЗЫРУ къагъэсэбэпыным хуэгъэпсауэ США-м Зыхьэумэжны-гъэмкІ и министерствэм игъэхьэзыра тхыльыр зи Іэдакъэщ1эк1эм Іэщ3к1э з3щІэуэзда американ, урысей къарухэр з3з3уэнк1э хъуну къ1ызэрагъэлъагъуэм уегъэгузавэ. Ар-хуэдэ пщ1ыхьэпІэ нэхъ Іей дыдэхэми уи нэгу къ1ыщ1ипхущІэгъэхьэнукъым: зытрагъащІэр США-м и къарухэр Урысейм и заэлІхэм къ3зэрыпэщІэтыным хуегъэсэныр щІ. Урысейм къ1ыпощІэувэным зэрызыхъагъэхьэзырым щ1ыхьэт техъуэ апхуэдэ Іуэхухэм псом хуэмыдэу уагъэгузавэ, арыншами, п1ейтеигъуэр щ1ымащІэ мы з3маным», - къ1ехь Лахониным и псалъэхэр «Интерфакс»-м.

Абы щ1игъуэми, американ Іэщ1агъэлІхэм «учебникыр» щ1ыз3ка1ъхэр ирихьэлІащ Донбассымрэ Сириемрэ з3хэуэхэр нэхъ щ1ыщІэхуэбжьам. Тхыльым дипломатхэм яп1э гу лъатащ журналистхэм.

ШИРЯЕВ Валерий.

«Новая газета»

● Австралие

Мельбурн яп1э увыпІэр щиубыдащ дунейм ц1ыхухэр щ1ипсэуну щ1ынэхъыфІу къал3ыта къ3лапщІым я бг. Ц1ыху мелуани 3,8-рэ щ1ипсэуар и инагъкІэ къ3ралым щ1ыетІуанэщ и к1Іи Викториие штатым и щ1ыхьэрщ. Къ3лэр къ3ралым и коммерцэ, промышленнэ, щэнхабзэ центр нэхъыщхьэхэм ящ1ыщ. Абы къ1ыдэк1уэу, ар Австралием и къ3л3 нэхъ дахэ дыдэуи къ3лъытэ: архитектурэ гъуэзэджэ и1эщ, езыр щ1ыпІэ теЛъыджэм щ1ы1эщ.

● Ставрополь край

Жьы хъууэ, делэ хъужат?

Ставрополь крайм хьихьэ Сенгилеев къуажэм л1ы щ1агъэжащ. Ильэс 61-рэ зи ныбжь Малашенкэ Сергей автоматк1э яхуэщ1ащ щ1ыхуищ1ым. Абы и куэбжэм еуІуащ гъущ1ык1эхэр Іы3ых щ1ыджанхэр.

МАЛАШЕНКЭ жэуап къ3ритащ: «Хьэбл3хэр къэвмык1ухь, куэбжэхэм фытеуІуэрэ!». Псалъэмакъ къэхъеящ. Апхуэдэу щ1ыхъум пенсионерыр з3мыджа хьэщІэхэм з3Іэжьэну елъэІури, унэм щ1ыхьэжащ, автомат къ1ущІихри, уэрамым къ1ыдыхьащ къ3хэуэу.

- Ильэс 43-рэ зи ныбжь ц1ыхухъур и пІэ къ1ымык1ыу хэк1уэдащ, ильэс 16-м ит балигъ ныкъуэхъури а махуэ дыдэм сымаджэщым щ1эл1ыхьащ, ягъуэ щІалэщІэр хьэлъэщ, - щ1ыжа1ащ СКР-м Ставропольем щ1ІэкІуэдамэм.

Гъэщ1эгъуэнращи, Малашенкэ зы щ1ыпІи щ1эпхъуэжакъым - езым и куэбжэм деж щ1ыту хабзэхъумэхэм яп1эпл1ащ. Л1ы-жьым щ3хэр зи ґъуэ автоматыр къ1ыздрихар зэхагъэк1ыну я къ1ал3нт полицейхэм. Езы Малашенкэ жеІэ Іэщ1эр Шэшэным къ1щ1ищ3хуауэ. Дауи, ар абы иригъэтхакъым.

Нэхъапэм Малашенкэ бокСымкІэ тренеру л1жьащ. Абы фІыз, балигъ ныбжьым ит бынхэр и1эщ. Гъунэгъуэм ар ц1ыху взгъэзгъэщ, къ3ауг3эншэу къ3л1ьэтэ.

Ц1ыхухъум теухуа уголовнэ Іуэху къ1ІэтащІ зэуэ статья зыбжанэк1э.

БЕЛЯЕВЭ Алёнэ.

«Комсомольская правда»

Амазониемэ и мэзым

● Щ1э

Латин Америкэм щ1ытопсэлъыхь дунейм з3рытетыр нэгъабэ фІэк1а къамыщ1а индей л1ыпкъым и деж къ3хутак1уэхэр яг3ъ3ІуэнымЫ.

БРАЗИЛИЕМ, Перум, Колумбием я еджагъэшхуэхэр Манаос къ3л3м щ1ызэхуэсащ, ц1ыху куэд зыхэт антропологие экспедицэ къ3з3рагъэпэщ1ын мурадк1э. Абыхэм къ3лъ1ыхьынущ нэхъапэм щІэныгъэлІхэм я л1ьакъуэ зытемыува щ1ыпІэхэр. Блэк1а гъэм Амазониемэ къегъэщ1ыла мэз пхрыкІыгъуейхэм Инджылызым и ВВС телекомпаниемэ папщІэ фильм щ1ытрихым, антрополог Хосе Карлос Моралес и камерэм езыр пэмыпл1ъххауэ къ1ик1ащ нэхъапэм зыри зыщ1ымыгъаззу щ1ыта л1ъапкъым щ1ыщ ц1ыхухэм я т1ельпъэр. Моралес з3ащІэу къ1ургы1уащ ахэр и1эІэкІэ з3и ямыл1эгъуа л1ъапкъым з3рыщ1щ1ыр: и Іэщ1агъэк1э антропологщи, фІы дыдэу щ1ыгъуаз3щ мы щ1ыпІэм щ1ыпсэу индейхэр зыхуэдэм, абыхэм я зыхуэпэк1эм. Мы1ъэ а псоми ещхьтэк1ым.

Амазонкэ псым и Іуфэм къегъэщ1ыла щ1ынал1ъхэр и1ъэс хъурейм джунгли щхьэнтІэхэмк1э щІэтэзнащ. Мы1ъ мэзхэм щ1ауфабгъуащ Урысейм и Іыхьэ щ1анэм хуэдиз щ1ыхьэр. Аращи, щ1ыпсэууэ щ1ыхьэк1ынущ иджыри къэс къамыхута л1ъапкъхэр.

АНТОНОВ Владимир.

«Самые великие» газет

Напэк1уэц1ыр зыгъэхъэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

«Адыгэ макъ» газетым и тхыдэр

Мы гъэм илъэси 100 ирокъу къэбэрдей журналистикэм псыпэ хузэхъуа «Адыгэ макъ» («Голос адыга») газетым и япэ номерыр дунейм къыдэхъ-техьэр.

ГАЗЕТЫР кьыщыдагъэкIырт Тэрч областым хыхьэ Налшык округым и Бахъсэн районым и Кушмэзыкъуей къуажэм. Хьэрыл алыфбейр зи пIалъхьэ къыдэкIыгъуэр «Дым зэкъуэтхэм я тхыдэ» тедзапIэм» адыгэбзэкIэ щытредзэрт. Газетыр тхьэмахуэм тIэу къыдэкIырт. Абы и редакторыр XIX лIэщIыгъуэм и кIэуухэм - XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм псэуа адыгэ узэщIакIуэ цIэрыIуэ, тхыльть тедзапIэ зэкъэIуэныха, тхакIуэ, публицист Дым Iэдэмт.

«Адыгэ макъ» газетым и къыдэкIыгъуэ тIощIым щIигъуэ нобэм кьэсар. Абыхэм кьыбгурагъаIуэ а газетым и къаIэн нэхъыщхьэу щытар цIыхубэр узэщIыныр, щIэныгъэ яхэхьэныр зэрыарар. Къэбэрдеймэ, «Адыгэ макъым» и епIанэ къыдэкIыгъуэм кьытехуащ «ЩIэныгъэм цIыхухэр зэрыхуэныкъуэр» пэрыт тхыгъэр. Абы щыэзэкрыхащ щэнхабзэр, узэщIыныгъэр лъэпкъ кьулеигъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, арыншагъэ зы лъэпкъым зэрымыпсэуфынур. Газетым кьыщыхьащ яухуа гъащIэщIэм щIэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэрыщIэр. 1917 гъэм дыгъэгъаэзэм и 10-м къыдэкIа газетым кьытехуа тхыгъэм дыкъыщоджэ: «Округым хьихь щIыналъхьэхэм ящыщу кьрыт еджапIэ зыдэмытхэм цIыхубэ кьарур зэкъуэгъэувааУ щколхэр щыухуэн хуейщ, е бынхэм щIэныгъэ ирагъэгъуэтыну япэщIыкIэ адэ-анэхэр кьытегъэхьауэ».

Гьунэгъу щIыналъхэм щIелъэкI гъащIэм щыщ. Щэнхабзэр газет тхыгъэхэм кьыщахьурэ, щIэныгъэм хущIэкъун зэрыхуейр щыухуэн хуейщ, е бынхэм щIэныгъэ ирагъэгъуэтыну япэщIыкIэ адэ-анэхэр кьытегъэхьауэ».

Гьунэгъу щIыналъхэм щIелъэкI гъащIэм щыщ. Щэнхабзэр газет тхыгъэхэм кьыщахьурэ, щIэныгъэм хущIэкъун зэрыхуейр щыухуэн хуейщ, е бынхэм щIэныгъэ ирагъэгъуэтыну япэщIыкIэ адэ-анэхэр кьытегъэхьауэ».

Гьунэгъу щIыналъхэм щIелъэкI гъащIэм щыщ. Дыхэрабгъ Дагъыстэнымщыщ Дыхэлеи Джабрэйил Темирхан-Шура еджапIэ щауэуэным сомин хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам. «ЗэфIэкI зиIэ адыгэхэри абы и щапхъэм ирикIуэну Тхьэм жиIэ», - газет тхыгъэр а псалъэхэмкIэ зэхуэсыжьащ.

Газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщу хъума хуяхэм гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхыращагъ узэщIыныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, щIэныгъэр фIыгъуэ уасэншэу зэрыщытыр, дэтхэнэ зыри абы хущIэкъун, тхыдэм кьурибыдэу лIэщIыгъуэкIэрэ зэхуэхьэса цIыху гъащIэм и псэкупсэ кьулеигъэр абы къызэрыпхуэхьунур.

Йжь-йжьжкIэ узэIэбэкIыжмэ, кьэбэрдейхэм (адыгэхэм) тхыбзэ зэраIамрэ пэжырытхэм щыгъуазэу зэрыщытамрэ (пасэ зэманым адыгэхэм тхыбзэ зэраIам теуха еплъыкIэм Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэлIхэм я Iэдакъэ кьыщIэкIа лэжьыгъэ куэдым ущыгъэхьэлIэ. Апхуэдэщ ЦIагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ 1917 гъэм Кьэзан кьыщыдагъэкIа «Тхыбзэ» («Азбука») тхылъыр, Урыс Хьэтэлий и «Адыгэ тхыбзэм и тхыдэ» (Налшык, 1968 гъэ), нэгъуэщIэхэри. «Адыгэ макъым» кьытехуа тхыгъэм кьызэрыхэщыкIэ, кьэбэрдейхэм я пасэрей тхыбзэр зэфIагъэувэжьынымкIэ кьэщхьэпэнут адыгэ лъэпкъхэр ижь-ижьыж лъандэрэ зэрыкьулей Iуэрыдуэтэр. Газетым и кьыдэкIыгъуэ зэкIэлъыкIуэхэм кьытехуэрт ар зи лъабжьэ хьыбарыжьхэр, узэрэдыжьхэр, псалъэжьхэр, псыщIэпсалъэхэр. Псалъэм папщIэ, «Адыгэ макъым» ущрохьэлIэ нарт лIыхъужьхэу Бэдынокъуэрэ Сосрыкъуэрэ, Рийдадэ сымэ ятеуха хъыбархэр, адыгэ псалъэжьхэмрэ псынщIэрыпсалъэхэмрэ.

Цыхухэм я щхьэм кьыщыуша гупсысэм хэлъ зэхъуэкIыныгъэхэр кьэзыIуатэ, жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ кьэхъукъащIэхэр кьэзыгъэлъагъуэ, цIыхубэм яхуэщхьэпэну тхыгъэхэр зи кьалэмыпэм кьыщIэкI корреспондентхэр нэхьыбэу газетым кьызэрыращIэнымэ хущIэкъурт. 1918 гъэм гъатхэпэм и 8-м кьыдэкIа «Адыгэ макъым» кьытехуа, редакцэр газетеджэхэм ядэлэжьну зэригуапэм защыхуигъаэз лъэIу тхыгъэм кьыщыхьащ: «Редакцэм фи Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэхэр кьевгъэхь, фыкъеблагъэу хъыбар гъэщIэгъэнэхэмкIэ фыкьыддэгъашэ хъунущ, пщIэ кьыпэкIуэн кьудей папщIэ фтхы тхыгъэхэр мыхъуу, лъэпкъым, Хэкум хуэщхьэпэнуэр «Адыгэ макъым» ди гуапэу тедзэнкIущ». Редакцэм щIэуа кьыкIэкIыжа кьызэригъэгъэ кьалэнхэр игъэзащIэу, газетым кьытохуэ Кьэбэрдеймэ, Шэрджэсым, Адыгеймэ, нэгъуэщI щIыпIэхэм кьыкIыу кьагъэхь тхыгъэхэр е телефонкIэ кьыпIалъэIэс хъыбар гъэщIэгъэнэхэр. Зэманым кэщIым кьрибыдэу абы и штатым хэмыт и корреспондент хьуахэщ Гуанэ Зулькъэрей, Гьуклэжь Кьрым-СулътIан, Гухьэж Исмэхьил, Кьаздэхьу Кьейтыкьуэ, КIурашин Мухьэмэд, Молэ Таукъан, ТхьэмочкъуэХьэбас, ФIэщмыхъу Мухьэмэд сымэ.

Щэнхабзэ, узэщIныгъэ Iуэхуэхэм цIыхубэр хэгъэгъуэзэным теуха лэжьыгъэ газетым игъэзащIэрт, лъэпкъыбзэкIэ дунейм кьытехьэа, мыгувэу кьыдагъэкIыну тхылъхэм я фIэщыгъэкIэ тридзэурэ. Апхуэдэу «Адыгэ макъым» и кьыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым кьытехуащ «Дым зэкъуэшхэм я тхылъ тедзапIэм» адыгэбзэкIэ кьыщыдагъэкIыну ягъэхьэзыра тхылъхэр. Ахэр «ПсалъэфI», «Бегъымбархэм я тарурыхь кIэщI», «Жогъэрфия», «Хьэишэт гуащIэм и хъыбар», «Хьисэт», «ЩIэнгъасэ, I пычыгъуэ», ЩIэнгъасэ, II пычыгъуэ», «ЩэнгъасэщI, III пычыгъуэ» тхылъхэрщ.

1918 гъэм мэкъуаугъуэм и 2-м «Адыгэ макъым» кьытехуащ тхылъ тедзапIэм адыгэбзэкIэ кьыщыдэкIа тхылъхэм я фIэщыгъэхэр. Апхуэдэщ «Мусльмэн тхыдэ», «ЩэнгъасэщI, I пычыгъуэ», ЩэнгъасэщI, II пычыгъуэ», «ПсалъэфI», «Тухват - уль - Атфаль», «Хьэишэт гуащIэм и щытхъу» тхылъыщIэхэр.

«Адыгэ макъым» узэщIныгъэ Iуэхуэгъуэр нэхъыщхьэу щыщытамэ, нэгъуэщI куэди кьызэщIиубыдэрт. Газетыр кьыдэзыгъэкI щIэныгъэлI, егъэзджакIуэ, тхакIуэ, узэщIакIуэ цIэрыIуэ, тхылъ тедзапIэм и унафэщI Дым Iэдэм газетыр 1917 гъэм щэкIуэгъуэм ауэ сытми зэтриубла-къым. Абы гугъэфIхэр иIэу кIэлъыплъырт Урысейм кьыщыхъу революцхэм, адыгэхэмрэ я хъарапым щIипсэу нэгъуэщI лъэпкъхэмрэ я гъащIэр зэрызэпыщIар кьыгурыIуэу. Яухуагъащ Совет Республикэм и текIуэныгъэхэмрэ хэщIыныгъэхэмрэ теухуауэ Урысейм и кьалэ, кьуажэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьикIыу кьагъэхь тхыгъэхэр газетым зэпымыууэ кьытехуэрт. Демократием и телъхьэ Дым Iэдэм урыс революцэр зэрыгъэнщIа лъыгъажэм и бийт. Апхуэдэу хъуми, Октябрь революцэм фIагъ гъэрхэр зэрыхилъэгъуэным ар хущIэкъурт. Апхуэдэу абы кьыпльэгъэт щIым теухуауэ кьыдагъэкIа декретыр. «Иджы щIыр зэрыщыту цIыхубэм ейщ», - етх «Адыгэ макъым».

«Доброшан хуэдэ кьулейхэм я мыпкъыр зэрыщыту кьытрахьинуэр цIыхубэм трагуэшэнщ. ЩIыр абы итемэкьыхьам ирагъэнуIэ, («Адыгэ макъ», 1918 гъэ, накьыгъэм и 2). Газетым кьызэрилъытэмкIэ, совет властым цIыхубэм я щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыныр, щэнхабзэр кьэIэтыныр кьалэн зэрызыщIыжар захуагъэт. «Адыгэ макъым» кьыгъэпсаГъуэрт адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ 1917 гъэм Урысейм кьыщIихуа Iуэхугъуэхэм, социальнополитикэ зэхъуэкIыныгъэхэм пыщIэныгъэ зэрыхуаIэр.

Газетым уевыпIэфI щиубыдырт нэгъуэщI щIыналъхэм я гъащIэм, псэукIэм теухуа тхыгъэхэми. Ахэр, хабзэ зэрыхьауэ, редакцэм и лжьакIуэхэм я епIыкIэхэр щыгъужауэ традзэрт. ГъэщIэгъуэнщ «Адыгэ макъым» газетым 1918 гъэм гъатхэпэм и 18-м кьыхетха «Инджыпэхэм сыт ялжьхьир?» тхылъэр. Абы кьыщыгъэпсэгъуат инджыпэхэм нэгъуэщI щIыналъэхэм Iуэху мыщхьэпэхэр зэрыщалэжьыр, зи чэзууэ кьалъытэ кьэралхэм зэрыпэщIэувэр.

Кьэбэрдеймэ и щIыпIэ демократие интеллигенцэр гуапэу IущIащ «Адыгэ макъыр» кьызэрыунэхуам. Налшык округым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэри абы кьызэрыпэджэжам и щыхьэтщ Екатеринодар кьикIыу ЛIыщIэрыIуэ Хьэрун («ПСыжь ПIыжь» адыгэ газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ) и Iэ щIалъу редакцэм кьыгъэхьа тхылъэр 1918 гъэм щIышылэм и 8-м кьыдэкIа газетым кьызэрытехуар. Абы щыжыIат адыгэ щэнхабзэр зэрэIэгъэувэжьынымкIэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ «Адыгэ макъ» япэ тхылъ газетыр кьызэрыунэхуам я лэжьэгъуэхэр хуабжьу зэрыщыгуфIыкIар, адыгэхэм я Iуэху зэIумылэзэгъэкIа кьэзыIуатэ, лъэпкъ щэнхабзэм хъугъуэфIыгъуэхэр хэIущIыну зыщI, нэгъуэщI лъэпкъхэм я псэкупсэ лъапIэныгъэхэм хэзыгъэгъуазэ газетыр пэж дыдэу адыгэхэм я макъыу зэрыщытыр.

Иджыпсту нэхъ пэжу кьахутащ «Адыгэ макъым» и япэ номерыр 1917 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м (28-м) кьызэрыдэкIар. Абы и иужьрейр кьыщыдэкIамрэ псорн зэхэту дунейм кьытеуцуэрэ щытам и Iуэху гъэмрэ нэхъ зэхэгъэкIыгъуэщ. Иужь дыдэу кьыдэкIахэм ящыщу хъума хъуа №952-м кьытехуа тхыгъэхэм ятепщIыхьмэ, ар икIи иужьрейтэкъым икIи зэрызэхущыкIэ тхыгъэм.

Газетыр щIыззэхущIыжам и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэкъым. Елбэд Хьэсэн и гукъэкIыжхэм щетх 1918 гъэм и кIэхэм нэсыху газетыр кьыдэкIыу зэрыщытар. 1919 гъэм кIэдетхэм (белогвардейцэм) Кьэбэрдейм властыр пIалъэкIэ щадыдам, Дымхэ я типографиер кьытракщ, станкоир Налшык щIэрп, езыхэм газет кьыдагъэкIыну щIадзащ. Совет властыр аргуэру текIуа нэужь, типографиер Налшык кьэнащ (*Елбэд Хьэсэн. Мемуар тхылъэхэр. Къым и дэфтэрхэм щыщIу*).

«Адыгэ макъ» газетыр кьыззрыдэкIа зэманэрэ ар щIыззэхущIыжа щхьэусыгъуэмрэ теухуа и Iуэху еплъыкIэр ЦIагъуэ Нурии къигъэлъэгъащ: «Газетыр тхьэмахуэм зэ кьыдэкIырт. Ар мазийкIэ зэкIэлъхьэужу кьыдагъэкIащ икIи кIэдетхэм (белогвардейцэм) типографие машинэр Налшык зэрашам